

Out 2013



Koklich (blanch Tous)

Ki sa (koklich) a ye?

Koklich se yon maladi trè kontajye ki bay tous grav li fè ou touse e se bakteri *pètusi Koklich* ki koze sa.

Pami maladi vaksen-evite, koklich se youn ki rive pi souvan nan peyi Etazini.

Maladi a ka grav anpil nan timoun ki poko gen 1 an e li ka lakòz enfeksyon nan poumon, epi, mwens souvan, li ka lakoz kriz malkadi oswa enflamasyon nan la nan sèvo. Nan ka ki ra, koklich ka bay lanmò nan timoun ki poko gen 1 an.

Kilès ki ka atrape koklich?

Nenpòt moun ka atrape Koklich kelkeswa laj li, men pran vaksen an redui risk la. Maladi sa rive pi souvan nan jèn timoun ki pa t pran vaksen an.

Pwoteksyon ki nan vaksen an diminye apre youn tan, donk menm moun ki te pran vaksen an ka atrape koklich. Koklich nan timoun ki gran ak granmoun souvan lakòz maladi grav ki pa kapab dyagnos.

Ki sentòm koklich?

Sentòm koklich rive pa etap. Premye etap-la kòmanse tankou yon grip, nen koule, estènen, ti lafyèv, ak tous. Tous la ka dire 1-2 semèn ak apre sa li vin pi grav. Dezyèm etap la se touse san kontwòl swiv pa yon bri kap gwonde lè moun nan respire. Pandan gwo tous grav sa, moun nan ka vomi; po bouch moun nan oswa figi 1 ka parèt ble paske li manke oksijèn. Pandan moun nan ap touse a li ka sanble 1 byen. Etap sa a ka dire 4-6 semèn. Dènye etap la se lè sentòm yo kòmanse a disparèt.

Konbyen tan apre li te ekspoze sentòm yo parèt?

Anjeneral sentòm yo parèt 4-21 jou apre yo fin ekspoze.

Kouman Koklich la gaye?

Se bakteri ki lakòz koklich yo te jwenn nan nen ak nan gòj moun ki enfekte. Bakteri sa yo gaye nan lè a nan ti gout ki soti lè moun nan estènen/ oswa touse. Moun ki nan etap sa pi kontajye. Timoun ki pi gran yo ak granmoun yo souvan se yo membran ki sous enfeksyon pou tibebe ak moun yo gen kontak sere. Antibiotik ap diminye nan kantite tan maladi a ka gaye. Timoun yo pa ta dwe ale nan gadri oswa nan lekòl jouk yo trete yo ak antibiotik pou omwen 5 jou epi yo santi yo byen pou yo retounen. Adilt ki gen koklich tou ta dwe rete lakay pou yo pa sòti al travay jiskaske yo te trete avèk antibiotik pou omwen 5 jou.

Ki tretman ki genyen pou koklich?

Sèten antibiyotik ka fè maladi a mwen grav si w kòmanse prann byen bonè lè maladi a fèk atake w. Timoun Piti ki gen mwens pase 6 mwa ak moun ki gen ka ki grav ka bezwen yo entène lopital pou tretman.

Kouman w ka anpeche koklich?

Ou ka anpeche Koklich lè w pran vaksen yo. Vaksen kont Koklich la kombine avèk vaksen pou tetanòs ak difteri e yo ka ba w yo kòm yon sèl piki. Vaksen konbina sa (DTaP) Yo bay li lè timoun nan gen 2, 4, 6, ak 15 ak lè yon timoun antre nan lekòl la. Nouvo rekòmandasyon an yo konseye pou tout timoun yo resevwa yon lòt dòz vaksen (Tdap)la , lè timoun yo 11-12 ane. Granmoun ki antisipe gen kontak pwòch avèk yon tibebe ki gen mwens ke 12 mwa (Egzanp, fanm ansent, novo paran, granparan, moun ki gade timoun, ak swen sante founisè) ta dwe resevwa yon lòt dòz . Lòt granmoun yo tou ta dwe resevwa yon lòt dòz vaksen si yo pa t fè sa deja.

Èske yon moun ki te gen koklich ka re genyenn ankò?

Wi. Paske pwoteksyon ou te genyen an swa pa vaksen oswa maladi anvan ap diminye apre yon tan (tipikman 5-10 ane), kidonk li posib pou w gen koklich ankò. Maladi a kapab prezante kòm yon tous pèsistan olye de tipik Koklich.

Kouman mwen ka aprann plis sou koklich?

1) Vizite sit entènèt prevansyon ki Kontwole Maladi:

<http://www.cdc.gov/pertussis> ak <http://www.cdc.gov/pertussis/outbreaks-faqs.html>.

2) Rele depatman sante lokal ou. Yon anyè nan depatman sante lokal yo ki chita nan <http://www.vdh.virginia.gov/LHD/index.htm>.

3) Pran kontak ak doktè ou.

**GRATIS vaksen Tdap ki disponib
(granmoun 19 ane ki gen laj ak pi gran)
Rele nan orè randevou w la.**

Pou plis enfòmasyon, kesyon oswa nan orè randevou w la tanpri kontakte:

Depatman Sante Accomack County
757-787-5880 oswa 757-824-5616

Depatman Sante Northampton Konte
757-442-6228 oswa 757-678-5111